



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 22 oktòb 2013

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DRAPO YO BESE A MWATYE

Jodi a gouvènè Andrew M. Cuomo te mande pou drapo ki sou bilding gouvènman eta pou yo flote a mwatye nan dat 23 Oktòb 2013 nan okazyon 30^{yèm} Anivèsè bonbadman nan kazèn militè nan Beirut, peyi Liban.

Nan atak la, 241 militè Ameriken ki gen ladan 220 maren, 18 navigatè ak twa solda te mouri, sa fè ensidan sa te vini jounen ki pi mòtèl pou kantite lanmò nan Kò Maren Etazini depi batay Dezyèm Gè mondyal la nan Iwo Jima, jounen ki te pi mòtèl pou militè Etazini yo depi premye jou Tèt Ofansif lagè Vietnam, ak atak mòtèl sa sou ameriken yo ki lòt bò dlo depi dezyèm gè mondyal la. Pami 241 manm sèvis sa yo, 24 ladan yo se te rezidan nan eta New York.

“Nan okazyon tris sa, nou onore sakrifis 241 sitwayen brav sa yo ki te bay lavi yo 30 ane desa pou sèvi peyi nou an, “Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen fè yonsèl avèk tout rezidan New York yo pou sonje sèvis yo epi ofri panse ak priyè m a zanmi ak fanmi ero sa yo.”

Gouvènè Cuomo te mande pou drapo ki sou tout bilding eta bese a mwatye pou onore ak rann omaj a manm sèvis eta nou yo ak sa yo ki estasyon nan New York ki te mouri nan aksyon oswa nan yon zòn konba.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418